



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO INISYATIV 'CONNECTALL' 1 MILYA DOLA
POU POTE KONEKSYON WO DEBI ABÒDAB POU PLIZYÈ MILYON NOUYÒKÈ**

Inisyativ ConnectALL la pral transfòme enfrastrikti dijital New York la

*Kat entèraktif wo debi inik nan jan li pou sipòte priz desizyon konsomatè ak
idantifye zòn pou investisman yo*

*Nouvo pwogram sibvansyon ak patenarya yo pral elaji aksè nan koneksyon wo
debi, aksesibilite ak ekite nan tout eta a*

*Eliminasyon frè Eta a yo, règleman ki demode pou sipòte kwasans wo debi nan
zòn riral ak defavorize yo*

Gouvènè Hochul te anonse inisyativ 1 milya dola ConnectALL la - pi gwo investisman ki te janm fèt nan enfrastrikti 21yèm syèk New York la - nan kad ajennda Eta 2022 li a. Plan sa a ki pral founi koneksyon wo debi abòdab ak plizyè milyon Nouyòkè epi transfòme enfrastrikti dijital Eta a atravè nouvo investisman. Nan kad nouvo inisyativ ConnectALL la, Eta New York pral itilize plis pase 1 milya dola nan investisman piblik ak prive pou konekte Nouyòkè yo nan zòn riral ak iben yo nan tout eta a nan wo debi.

"Pandemi an te ekspoze kijan san entènèt wo debi, Nouyòkè yo kapab dekonekte ak lekòl, travay ak fanmi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ ConnectALL la pral bay minisipalite lokal ak ajans Eta a yo posibilite pou mete anplas enfrastrikti wo debi prensipal nan tout Eta a, ki garanti chak Nouyòkè ap gen aksè ak entènèt lè yo bezwen li".

Pandemi COVID-19 la te ekspoze kijan yon koneksyon wo debi pa te ni aksesib, ni fyab pou anpil Nouyòkè ki te sibitman twouve yo nan obligasyon pou viv atravè entènèt. Li esansyèl pou tout Nouyòkè yo gen aksè ekite nan entènèt, piske kominote majinalize yo pi afekte pa mank aksè nan koneksyon wo debi sa a.

Konble lakin dijital ki rete sa a enpòtan akòz aksè inivèsèl nan koneksyon wo debi nan ekonomi dijital nou an se yon bagay esansyèl tankou genyen chofaj, dlo ak kouran. Koneksyon ede Nouyòkè yo ale lekòl, travay adistans, jwenn yon travay, kòmanse yon biznis, jwenn aksè nan swen sante ak kominike ak pwòch yo. Investisman alavni nan

enfrastrikti piblik vital sa a non sèlman pral ranfòse pwogrè investisman inisyal Eta nou an, li pral ranfòse kwasans ekonomik ak inovasyon lokal alontèm.

Aksyone pa yon nouvo Biwo ConnectALL, inisyativ sa a gen ladan:

- **Pwogram Evalyasyon Wo Debi ak Kat Entèraktif:** Pwogram Evalyasyon Wo Debi a, ke Komisyon Sèvis Piblik la administre, pral bay New York premye kat entèraktif wo debi detaye. Kat sa a pral detaye disponibilite ak konfyabilite enfrastrikti wo debi nan tout Eta a, epi sèvi kòm yon zouti itil pou sible kote investisman nan koneksyon wo debi nesèsè. Konsomatè yo pral gen kapasite tou pou chèche founisè wo debi yo epi analize ki sèvis ki disponib nan zòn yo a.
- **Pwogram Sibvansyon:** Pou sipòte efò lokal yo pou elaji wo debi, inisyativ ConnectALL la pral etabli twa pwogram sibvansyon pou bay finansman nan minisipalite lokal yo ak lòt antite yo pou planifye, konsevwa ak konstwi enfrastrikti wo debi ki aksesib. Eta a pral kowòdone avèk minisipalite yo nan tout kwen nan New York pou asire finansman an oryante kote li pi nesèsè epi ke chak kominote gen sipò ak resous pou yo byen patisipe. Pwogram sibvansyon yo konsantre sou twa efò prensipal:
 - Planifikasyon Koneksyon Lokal ak Enfrastrikti Minisipal 21yèm Syèk: Pwogram sa a pran yon apwòch inovatè nan bay sibvansyon pou minisipalite yo, òganizasyon san bi likratif yo ak lòt antite yo pou konstwi enfrastrikti piblik wo debi ki ouvri ak aksesib.
 - Wo Debi Riral: Pwogram sa a pral bay sibvansyon ki koresponn — plis plizyè santèn milyon dola alavni k ap soti nan Lwa sou Investisman nan Enfrastrikti ak Travay (Infrastructure Investment and Jobs Act, IIJA) federal la — pou sipòte aksè nan wo debi, sa gen ladan pwojè koneksyon dènye kilomèt ak kilomèt entèmedyè.
 - Inovasyon nan Koneksyon: Pwogram sa a pral bay sibvansyon konpetitif pou antite yo nan tout Eta a pou pilote ak konstwi solisyon kreyatif, inovatè ak nouvo ki pyonye nan dekouvèt alavni yo.
- **Sibvansyon 30 dola chak mwa pou aksesibilite:** Pou elaji plis aksè nan wo debi, Depatman Sèvis Piblik la pral administre efò pou asire chak Nouyòkè ki elijib kapab pwofite Pwogram Aksesibilite 14 milya dola IIJA a pou sipòte yon sibvansyon 30 dola chak mwa pou wo debi ki pèmanan pou fanmi ki gen revni fèb yo. Depatman an pral mennen tou yon pwogram maketing nan tout Eta a ki vize ogmante enskripsyon nan pwogram sa a — ki aktyèlman anba 30 pousan fanmi ki elijib nan New York yo.
- **Pwogram Koneksyon pou Lojman Abòdab:** Nan kad plan lojman global ajans lan, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote New York (Homes and Community Renewal, HCR) la pral elaji aksesibilite nan wo debi nan

travay nan patenarya avèk Devlopman Empire State pou finance renovasyon tout pwojè lojman abòdab yo avèk enstalasyon wo debi.

- **Pwogram Ekite Dijital:** Pou asire aksè ekitab nan wo debi nan tout eta a, inisyativ ConnectALL la pral anbake nan yon efò ki gen twa volè:
 - Empire State Development pral mennen devlopman yon Plan Ekite Dijital nan Tout Eta a nan kowòdinasyon avèk lòt ajans gouvènman Eta ak lokal yo ansanm ak òganizasyon prive ak san bi likratif yo;
 - Gouvènè Hochul pral etabli yon Pwogram Sibvansyon Ekite Dijital pou sipòte travay gwoup ak òganizasyon k ap devlope Plan Ekite Dijital nan Tout Eta a; epi
 - New York pral nonmen yon Direktè Ekite Dijital pou kowòdone ak mennen efò sa yo nan tout Eta a.

- Elimine frè, difikilte règleman ki demode ak pwofite resous Eta a. Sa gen ladan yon seri refòm ki pa limite ak:
 - Yon Inisyativ San Konstriksyon pou Deplwaman Wo Debi Riral - Elimine frè itilizasyon ak okipasyon Eta a ki anpeche deplwaman wo debi riral ki oryante Depatman Transpò a pou egzante pwojè ConnectALL yo, k ap redui depans pou patisipan nan pwogram lan.
 - Senplifye Pwosis Preparasyon: Oryante Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la pou senplife pwosis preparasyon aktyèl la.
 - Estandadize Aksè Priorite pou Deplwaman Selilè ak Fib epi Etabli Dat Limit ki Klè: Etabli dat limit pou otorizasyon ki klè pou deplwaman selilè ak fib anba tè Eta a epi priorite avèk fòm ak pwosis senp ak estandadize.
 - Pwofite Resous Fib Aktyèl Eta a: Mennen yon pwojè pilòt pou pwofite resous fib aktyèl Eta a pou sipòte wo debi entèmedyè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)